# Qaraqalpaqstan Respublikasında joqarı bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı kórsetkishleri (2020/2021- oqıw jılı basına)



**Maǵlıwmat ushın :**
Joqarı bilimlendiriw - ulıwma orta bilim beriw, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw negizine qáliplesedi hám de 2 basqıshqa iye; - Bakalavriat - qánigelikler baǵdarı boyınsha fundamental hám ámeliy bilim beretuǵın, bilimlendiriw múddeti keminde 4 jıl dawam etetuǵın tayansh joqarı bilimlendiriw bolıp tabıladı; -Magistratura - anıq qánigelik boyınsha fundamental hám ámeliy bilim beretuǵın, bakalavriat negizinde bilimlendiriw múddeti keminde 2 jıl dawam etetuǵın joqarı bilimlendiriw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2020- jıl 1- noyabr halatına 9 joqarı bilim beriw mákemeleri bolıp, olardan 6 fillalar. 2020/2021- oqıw jıl basına joqarı bilim beriw mákemelerinde 35487 student bilim almaqta, olardan mámlektlik grant tiykarında 7458 student bilim almaqta. Jámi studentler sanınan kúndizgi bólimde 27892 student, keshki bólimde 346 student, sırtqı bólimde 7249 studentler bilim almaqta.

## Joqarı bilim beriw mákemeleride bilim alıp atırǵan studentlerdiń jınısı boyınsha bólistirliwi, % te




2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemelerindegi jámi studentlerden 17998 (50,7 %) ın qızlar quraydı. Jámi student qızlardan kúndizgi bólimde 13883, keshki bólimde 132, sırtqı bólimde bolsa 3983 student qızlar oqımaqta.

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan jámi studentlerdiń jası boyınsha bólistiriliwi, kiside

| | Jámi | sonnan : | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 17 jas hám odan kishi | 18 jas | 19 jas | 20 jas | 21 jas | 22 jas | 23 jas | 24 jas | 25 jas hám odan úlken |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 35487 | 795 | 2563 | 3221 | 4524 | 3956 | 3871 | 3539 | 3157 | 9861 |

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan jámi studentlerdiń oqıtıw tilleri boyınsha bólistiriliwi, % te

| | |
|---|---|
| Qaraqalpaq | 58,4 % |
| Ózbek | 31,9 % |
| Rus | 8,2 % |
| Qazaq | 0,8 % |
| Túrkmen | 0,7 % |

Joqarı bilimlendiriw mákemelerindegi jámi studenterdiń bilim alıp barılatuǵın tilleri boyınsha bólistirilgeninde, qaraqalpaq tilinde - 58,4 %, ózbek tilinde - 31,9 %, rus tilinde - 8,2 %, qazaq tilinde - 0,8 %, túrkmen tilinde bilim alıp atırǵan studentlerdiń úlesi - 0,7 % ti quraydı.

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde oqıp atırǵan studentler sanı, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)




2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemelerinde jámi 35487 student oqıp atırǵan bolıp, olardan 17998 student qızlar.

21,0 % — Mámleketlik grant tiykarında

79,0 % — Shártnama tiykarında

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerine qabıl etilgen studentler sanı, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)



- **Ul balalar**
  - 5249
- **Jámi qabıl etilgen studentler sanı**
  - 11232
- **Qizlar**
  - 5983

## 2020- jıl joqarı bilimlendiriw mákemelerin pitkergen studentler sanı, kiside



- **Ul balalar**
  - 3271
- **Jámi pitkeriwshi studentler sanı**
  - 5475
- **Qizlar**
  - 2204

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan jámi studentlerdiń kurslar boyınsha bólistiriliwi, kiside (2020/2021- oqıw jılı basına)

| | |
|---|---|
| 1-Kurs | 12001 |
| 2-Kurs | 10565 |
| 3-Kurs | 7354 |
| 4-Kurs | 5135 |
| 5-Kurs | 299 |
| 6-Kurs | 133 |

2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemelerinde jámi 35487 student oqıp atırǵan bolıp, olardan 1-kursqa qabıl etilgenler sanı jámi 12001 student, sonnan 454 student magistratura jónelisi boyınsha qabıl etilgen.

# Joqarı bilimlendiriw mákemelerindegi bakalavriat basqıshınıń tiykarǵı kórsetkishleri, kiside

2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń bakalavriatındaǵı studentler sanı 34544 quraǵan bolıp sonnan 50,6 % ti yaǵnıy 17498 student qızlar quraydı. Olardıń 13383 kúndizgi bólimde, qalǵan 3983 sırtqı bólimde hám 132 keshki bólimde bilim alıp atır.

Qabıl qılınǵanlar -10996





Pitkeriwshiler - 5271

Jańa oqıw jılında joqarı bimlendiriw mákemeleriniń bakalavriatıda jámi 10996 student qabıllandı. Olardıń 8433 kúndizgi, 2345 sırtqı, 218 keshki bólim studentleri esaplanadı.

2020- jılda bakalavriat basqıshın 5271 studentler pitkergen bolıp, olardan 1412 mámleketlik granti boyınsha bilim alǵan studentler esaplanadı. Pitkeriwshi studentlerdiń 3018 dana qızlardan ibarat.

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerindegi magistratura basqıshınıń tiykarǵı kórsetkishleri, kiside

2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemelerinde magistratura basqıshında jámi 943 studentler kúndizgi bólimde bilim alıp atır. Magistrlardıń 432 mámleketlik grant boyınsha bilim alıp atır. Jámi magistratura basqıshındaǵı studentlerdiń 500 (53,0 %) qızlardan ibarat.

Qabıl qılınǵanlar - 454





Pitkeriwshiler - 204

Jańa oqıw jılında magistratura basqıshına 454 studentler qabıllandı. Olardan 248 mámleketlik grant boyınsha bilim alıwǵa iye boldı. Magistrlardıń 236 qızlar quraydı.

2020- jılda joqarı bilimlendiriw mákemelerinde magistratura basqıshın 204 student pitkerip shıqtı. Olardıń 68 mámleketlik grant boyınsha pitkerip shıqtı. Jámi pitkeriwshilerdiń 129 qızlardan ibarat.

# Joqarı bilimlendiriw mákemelerindegi professor-oqıtıwshıları quramı, kiside

2020/2021- oqıw jılı basına joqarı bilimlendiriw mákemelerinde 1763 professor-oqıtıwshılar iskerlik júrgizip atırǵan bolıp, olardan 853 (48,4 %) hayal oqıtıwshılar quraydı. Jámi professor-oqıtıwshılardan pán doktor ilimiy dárejege iye bolǵanlar sanı 58, pán kandidatları 346 hám de filosofiya doktorları 115 quraǵan bolıp, sonıń menen birge ilimiy ataǵı boyınsha professorlar sanı 32, dotsentler sanı 254 quraydı.

## Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde professor-oqıtıwshıları sanı, kiside



# Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde professor-oqıtıwshıları quramı, kiside

Respublikamızdaǵı joqarı bilimlendiriw mákemelerinde 130 pedagog-xızmetkerler informatika hám kompyuter texnologiya páninen bilim berip atır. Bul mákemelerde jámi 86 kompyuter klassları ámelde bolıp, olar 1872 kompyuter, 9 videoproektor, 5 elektron hám 5 ınteraktiv doskalar menen táminlengen.



**Sotsialliq taraw statistikası bólimi**
**tel.: (61) 222-79-83**